



POU KORE SIKSÈ ALLISON

Se dwa ou pou w mande pou lekòl pitit ou a bay fòmilè ak materyèl ki tradwi ak yon entèprèt pou lè gen reyinyon yo, si sa nesèsè. Li enpòtan pou w ankouraje pitit ou a fè devwa li yo, patisipe nan klas, epi poze kesyon. Yo rekòmande tou pou paran yo patisipe nan konferans paran-pwofesè pou pitit yo. Anplis konferans paran-pwofesè a (yo), lekòl pitit ou a oblije òganize yon konferans anplis chak ane konsènan devlopman lang Anglè pitit ou a. Epitou, ou ka mande reyinyon anplis pou diskite sou aprantisaj pitit ou a nan lekòl la oswa lòt enkyetid, lè w kontakte pwofesè yo oswa administratè lekòl yo. Men kèk sijè ou ta ka vle diskite:

- Kantite, dire, ak kalite sèvis Anglè kòm yon Nouvo Lang (English as a New Language, ENL), pitit ou a gen dwa pou l resevwa.
- Diferans ant ENL ak pwogram bileng yo ak disponiblite pwogram bileng yo nan lekòl/distri pitit ou a.
- Pwogram anplis (maten, aprè lekòl, ete, elatriye) pou ede pitit ou devlope nan lang Anglè.
- Kalite sipò pou lang matènèl ke pwofesè yo ap itilize nan salklas la.
- Resous, sit entènèt, ak lòt fason entèaktif ou ka sipòte pitit ou a nan Anglè ak nan lang matènèl yo.
- Pwogrè pitit ou a nan pale, koute, fè lekti, ak ekri.

RESOUS ANPLIS

Ou ka genyen aksè ak Resous Paran yo lè ou itilize yon aplikasyon Repons Rapid (Quick Response, QR) sou telefòn ou. Resous sa yo gen ladan yo: Enfòmasyon sou tès, ansèyman Anglè kòm yon Nouvo Lang (ENL), Deklarasyon Dwa Paran ELL yo, gid òganizasyon kominotè yo, enfòmasyon sou gradyasyon, ak plis ankò. Ou ka genyen aksè tou a enfòmasyon sa a lè w itilize lyen sa a: <http://www.nysed.gov/bilingual-ed/english-language-learner-and-multilingual-learner-parent-resources>



Liy Asistans pou Paran ELL yo sèvi kòm yon fason pou paran ELL yo ak moun ki gen wòl paran yo mande enfòmasyon sou dwa yo genyen ak sèvis yo founi pou timoun yo. Paran yo ka mande ransèyman epi jwenn repons nan dis lang ELL yo pale plis nan Eta New York. Nimewo telefòn: 1-800-469-8224
Sit Entènèt: <https://steinhardt.nyu.edu/metrocenter/language-rbern/parent-hotline>



<http://www.nysed.gov/state-assessment/sample-student-score-reports>

Gen vèsyon rapò sa a ki tradwi, ak lòt enfòmasyon ki disponib nan lang :